



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO INISYATIV 'GLOBAL NY' POU ATIRE ENVESTISMAN ENTÈNASYONAL
AK KOMÈS NAN NEW YORK**

*Gouvènè Cuomo anonse \$35 milyon dola nan fon devlopman Global NY; misyon komès New York nan
Meksik, Canada, Italy, China, Izrayèl*

Patenarya avèk bank federal Enpò-Ekspò pou ede biznis yo elaji eksplwatasyon yo aletranje

*Resous sitwèb yonsèl arè (www.global.ny.gov) pou biznis yo; Nouvo sant dacha 'Taste NY' nan sant
konvansyon Javits*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse nouvo inisyativ "GLOBAL NY" – ki gen ladan \$35 milyon dola nan fon devlopman Global NY ak misyon komèsyal nan Meksik, Canada, Italy, Lachin ak Izrayèl–pou ede kreye nouvo djòb nan eta nou an ak atire plis investisman biznis entènasyonal nan New York. Gouvènè Cuomo te souliye nouvo inisyativ sa yo jodia nan premye somè Global NY nan World Trade ak Investisman nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits nan vil New York, sa li te anonse anvan ke li tap konvoke nan diskou 2014 sou sitiyaasyon eta.

“Wòl fondamantal gouvènman ta dwe pou devlope ekonomi an, paske si ekonomi an ap mache, e travay ap fonksyone, moun yo ap gen opòtinite,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Travay nou katran de sa te kòmanse avèk diminye sou depans pou fè biznis nan New York– e nou te fè sa, avèk diminisyon taks sou revni pou chak Nouyòkè ak diminye taks sou manifakti yo nan preske yon syèk. Jodia se osijè ouvèti nouvo mache nan Eta, e nou pral agresivman komèsyalize Eta, ak pataje avèk kominote biznis mondyal la ke pa gen pi bon kote, avèk ni pi bon zouti ak resous, pase Empire State pou devlope ak fè konpetisyon.”

Nouvo inisyativ Global NY ke Gouvènè Cuomo te souliye nan somè jodia gen ladan:

- **\$35 Milyon nan Fon Devlopman Global NY.** Fon Devlopman Global NY pral ede ti konpayi ak konpayi mwayen yo nan New York tape nan mache mondyal la pou grandi ekspòtasyon yo epi kreye nouvo djòb nan eta nou an. Fon an enkli inisyativ ki annaprè yo, sa ki pral ede stimile investisman adisyonèl prive odela resous eta dedye:

- **\$25 milyon Pwogram Prè.** Devlopman Empire State pral dedye \$25 milyon dola epi travay an patenarya avèk plis pase 20 pretè prive nan eta pou ogmante omwen \$50 milyon dola nan prè anjeneral a ti biznis yo. Pwogram lan te silble ti biznis yo ki te gen difikilte pou jwenn kredi nan mache yo e li pral bay prè pou ede konpayi yo devlope kapasite pou antre nan nouvo mache yo.
- **\$10 milyon fon sibvansyon** pou bay jiska \$25,000 pou ti konpayi ak konpayi gwosè mwayen yo pou devlope kapasite ekspòtasyon, enkli plan ekspòtasyon maketing, tradiksyon sitwèb, adaptasyon pwodui ak sètifikasyon mache.
- **Patenarya avèk Bank Federal Ekspò/Enpòtasyon (Ex-Im) Bank.** New York pral fè patenarya avèk Bank Federal Ex-Im pou konekte kredi sòlvab ti biznis yo a finansman ekspòtasyon. Pwogram lan pral bay prè akoutèm jiska \$500,000.
- **Global NY Misyon Investisman/Komèsyal.** Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York pral patisipe nan senk misyon komèsyal pou ede konekte biznis New York yo pou ekspòte ak opòtinite investisman entènasyonal. Sa yo gen ladan misyon komèsyal nan Meksik, Kanada, Italy, Lachin, ak Izrayèl.
- **Global NY Sitwèb yonsèl arè (global.ny.gov).** Biznis lokal ak etranje yo pral genyen kounye a yonsèl adrès pou jwenn plis opòtinite biznis nan eta nou an ak aletranje ki kapab ede devlope travay nan New York. Nan www.global.ny.gov, biznis yo kapab konekte nan START-UP NY ak lòt pwogram rekonpans Eta New York, aprann osijè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal ak atou yo ak endistri spesyalize, konekte avèk biwo komès Eta New York toupatou nan mond lan; epi dekouvri sa ki fè New York se yon eta opòtinite mondyal.
- **Nouvo sant dacha Taste NY nan Sant Konvansyon Javits.** Manje ak bwason rafine New York pral disponib a konsomatè yo nan Sant Konvansyon Javits, ede ogmante pwofil ak lavant pwodiktyèl manje ak bwason New York. Atire plis pase 2 milyon vizitè chak ane, Sant Javits la pral ekspoze konsomatè etranje yo a pi bon pwodui ke Eta New York gen pou ofri.

Somè Global NY jodia te atire plis pase senksan patisipan, enkli lidè sivil ak politik, biznis lokal ak entènasyonal, ofisyèl federal ekspòtasyon, patnè etranje ak lidè akademik ak kominotè. Panèl diskisyon yo te prezante konferansye nan wo nivo ki te montre opòtinite ki disponib nan Eta New York pou biznis kap chèche elaji prezans yo nan nivo entènasyonal ak investisè etranje ki enterese nan lokalize biznis yo nan Eta New York. GLOBAL NY pral ouvè pòt New York menm pi laj pou investisè etranje yo epi kreye yon rezo ki baze sou patenarya pou ede lidè lokal ak rejyonal yo devlope ak enpleman komès ak investisman mondyal.

Somè a se yon konpozan esansyèl nan inisyativ pi laj Global NY Gouvènè Cuomo te anonse nan kòmansman ane sa a. Nan diskou 2014 sou sitiyo Eta, Gouvènè Cuomo te mande Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou devlope ak enpleman strateji maketing global ak ekspòtasyon ak apwòch investisman nan efò planifikasyon rejyonal stratejik yo e plan sa yo pral devwale nan Prim Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pita nan ane sa a. Grasa pwosesis planifikasyon sa a, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la ap pozisyon Eta New York pou pi byen fè konpetisyon mondyalman

nan rasanble ak aliyen tout byen rejyonal yo ki anrapò, tankou anplwayè kle yo, gwo endistri yo, mendèv, enstitisyon edikasyon siperyè ak enfrastrikti transpòtasyon. Nan somè jodia, chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal te prezante òf inik yo a yon odyans entènasyonal.

Pèsonalite yo ki te rejwenn Gouvènè a nan Somè a, pami lòt moun se te John J. Mack, Konseye Devlopman Ekonomik a Eta New York ak Konseye Spesyal pou START-UP NY ak ansyen PDG ak Prezidan Konsèy nan Morgan Stanley, Steve Hindy, PDG Brasri Brooklyn, Tom Caulfield, Chèf Egzekitif GlobalFoundries, Dr. Alain Kaloyeros, PDG ak Ofisye anchaj Enstiti Politeknik SUNY, ak Kathy Alfano, Direktè Prensipal pou Devlopman Ekonomik PepsiCo.

John J. Mack, Konseye Devlopman Ekonomik a Eta New York ak Konseye Spesyal pou START-UP NY ak ansyen PDG ak Prezidan Konsèy nan Morgan Stanley, te deklare, “Gouvènè Cuomo te pwouve yon angajman san fayit pou etabli ak pouswiv opòtinite pou devlopman ekonomik toupatou nan Eta New York. Global NY pral ranfòse patenarya ant konpayi ki baze New York yo ak kominote entènasyonal la epi ofri aksè san parèy a biznis mondyal yo nan resous nivo mondyal New York. Depi premye jou li te antre nan administrasyon an, Gouvènè a te pouswiv yon apwòch inovè pou etabli yon klima biznis ansante, e Global NY se yon lòt efò ki gen siksè pou avanse ekonomi Eta New York.”

Prezidan Devlopman Empire State ak PDG Kenneth Adams te deklare, “Jodia, nou konvoke yon gwoup divès lidè biznis, ofisyèl ki enpòtan, ak antreprenè yo ki soti toupatou nan mond lan yo tout pataje yonsèl bagay an komen; yon enterè nan opòtinite inonbrab pou investisman ak biznis nan Eta New York. Avèk konpayi yo ki deja ap pwospere ak kreye travay sou talon pwogram tankou START-UP NY, Empire State la te vini rapidman yon premye chwa pou tout kalite konpayi yo. Global NY pral amelyore kapasite nou pou atire investiman etranje epi fè mache mondyal la disponib pou biznis nou yo isit la lakay.”

Ko-fondatè Brasri Brooklyn ak Prezidan Steve Hindy te deklare, “Karakteristik entènasyonal New York te pote opòtinite ekspòtasyon Brasri Brooklyn depi premye jou a. Nou te bati sou opòtinite sa yo e nou te vini ekspòtatè nimewo en byè atizanal nan mond lan. E wi, non Brooklyn lan te yon kle pou siksè.”

Chèf Egzekitif New York GLOBALFOUNDRIES, Dr. Thomas Caulfield te deklare, “Manifakti avanse ofri pwomès opòtinite ekonomik epi li sèvi kòm yon katalizè pou kwasans enpòtan travay ak ekspansyon ekonomik nan tout ekonomi nou an. Patenarya inik piblik-privè ak kolaborasyon ant GLOBALFOUNDRIES ak Eta New York te bay rezilta nan plis pase \$10 milya dola investisman nan nouvo kanpis Fab 8 nou an nan pati nò New York. Nouvo kanpis manifakti nou an kounye a alavangad de yon nouvo renesans nan Manifakti Avanse Ameriken, kreye plizyè milye travay ki peye byen, travay ki otman kalifye ak kondwi ekonomi rejyonal. GLOBALFOUNDRIES fyè pou l patisipe nan somè Global NY e li fyè pou l kondwi elan nouvo opòtinite nan manifakti avanse nan Eta New York.”

Patenarya pou Prezidan Vil New York ak PDG Kathryn Wylde te deklare, “GLOBAL NY Gouvènè Cuomo santre sou elaji aktivite ekspòtasyon esansyèl pou asire avni New York kòm yon sant biznis entènasyonal ak finans, ki nan kè misyon nou nan patenarya.”

PDG Enstiti Politeknik SUNY ak Ofisye anchaj Dr. Alain Kaloyeros te deklare, “Gouvènè Cuomo te transfòme Eta New York nan standa lò pou siksè ekonomi mondyal la ki gen aksè sou inovasyon 21^{yèm} syèk la, jan li demontre pa kantite antrepriz entènasyonal ak entènalizasyon travay ki soti toupatou nan mond lan. E avèk inisyativ START-UP NY sa kreye kolaborasyon istorik toupatou nan eta, tandans sa mare sèlman nan akselere. Gouvènè a te deja etabli New York kòm yon lidè mondyal nan rechèch nanoteknoloji ak devlopman nan pèmèt plizyè milya dola nan investisman ki soti nan gwo konpayi teknoloji mondyal yo. Sipò a, rekonpans ak enfrastrikti disponib ki fè New York vin yon chwa fasil pou lidè biznis ak endistri yo kap chèche vrè kote pou yo elaji ak investi, e nou kontan pou n pataje eksperyans nou avèk yo nan somè Global NY la.”

Prezidan Bak USA, Ulla Bak, “Antanke yon konpayi START-UP NY mwen kwè nou pral gen siksè grasa opòtinite pou lokalize nan yon zòn ki pa gen taks, aksè a resous fòmèdab Eta New York ak talan sistèm Inivèsite Eta New York ofri.”

SelectUSA nan Etazini Direktè Sansibilizasyon Administrasyon Komès Entènasyonal Felicia Pullam te deklare, “Investisman Etranje dirèk reponsab anviwon 5.6 milyon djòb nan Etazini, plis pase yon-senkyèm nan ekspòtasyon Etazini, ak plis pase \$45 milya nan depans pou rechèch ak devlopman. Efò New York pou ogmante FDI ak ekspòtasyon enpòtan pou biznis lokal yo ak yon pi gwo ekonomi.”

Prezidan Chanm Komès North Country Garry Douglas te deklare, “Anyen pa pi enpòtan pou ekonomi North Country a pase koneksyon entènasyonal li, espesyalman avèk Quebec ak Ontario. Investisman dirèk etranje te kreye plizyè milye travay nan rejyon an, enkli nan sektè manifakti kòm ekipman transpòtasyon, pifò ladan l nan Canada men deplizanpli nan kote tankou Italy ak Korea atravè Canada. Atravè Global NY, Gouvènè Cuomo ofri nou ankò plis patenarya eta nan elajisman ak apwofondisman relasyon ekonomik trans-frontalye, devlope travay kreye investisman, elaji ekspòtasyon ak touris entènasyonal. Annavan pou pi devan!”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Santral New York ak Prezidan PDG Sant Eta Robert Simpson te deklare, “Plis pase katrevan pousan nan kwasans mondyal la sou senk pwochen ane yo pwojete pou vini andeyò Etazini. Avèk sa a vini yon klas mwayèn mondyal kap grandi reprezante pi gwo opòtinite mache pou biznis New York, gwo ak piti. Nou kontan pou n fè patenarya avèk Mohawk Valley pou pran avantaj de opòtinite sa a nan aplike strateji konjwen anba inisyativ Global NY, fè rejyon konbine nou yo yon sant konpetitif mondyal pou biznis ak investisman etranje dirèk.”

Konsèy Gouvènè Great Lakes Direktè Egzekitif David Naftzger te deklare, “Somè Jodia te yon opòtinite fòmèdab pou pale osijè travay Gouvènè a pou pwomote ekspòtasyon. Nan kad strateji l, New York te kreye ak ogmante anpil patenarya. Atravè òganizasyon tankou Konsèy Gouvènè Great Lakes, Gouvènè Cuomo ak ekip li a ap travay efikasman avèk patnè yo nan rejyon Great Lakes la pou ede kondwi kwasans ekonomik ak kreye travay.”

GLOBAL NY kapitalize sou apèl entènasyonal fòmèdab Eta New York ak kwasans potansyèl. Nan ane 2012, Eta New York te konbine sèvis ak ekspòtasyon machandiz nan mache etranje yo ki te totalize a

\$100.1 milya, refilete preske 5 pousan nan kwasans apre resesyon an epi mete Empire State pami twa premye eta ekspòtatè yo. Kòm yon pòt antre nan Etazini, Eta New York se yon premye destinasyon pou vizitè etranje yo e li se kay yon pi gwo kantite inivèsite rechèch nivo 1 nan peyi a. Eta New York gen 16^{yèm} pi gwo ekonomi nan mond lan e li klase dezyèm nan peyi a nan rechèch akademik ak devlopman investisman. Li se kay egalman katye jeneral 54 konpayi ki nan Fortune 500, pifò pami tout Eta nan Etazini yo.

Enfòmasyon osijè Sant Konvasyon Jacob K. Javits

Konnen tankou mache pou mond lan, Sant Javits akeyi plis pase de milyon vizitè ak ekspoze 35,000 konpayi toupatou nan mond lan chak ane. Aktivite nan Sant Javits jenere jiska \$1.5 milya dola chak ane nan aktivite ekonomik pou Eta New York e Vil New York, sipòte plis pase 14,000 djòb pou Nouyòkè yo pa ane epi kondwi a rezèvasyon 400,000 chanm otèl nwit pa ane.

Lokalize nan pati lwès Manhattan ki etann sou sis blòk, Sant Javits te antreprann yon renovasyon konplè enkli nouvo fasad, planche, ekleraj, sistèm mekanik ak telekominikasyon, ansanm avèk konstriksyon dezyèm pi gwo twati vèt ak yon nouvo sal ekspozisyon ki san kolòn. Sant Javits lokalize anfas ri nan twazyèm seksyon nan liy santral ak nouvo ekstansyon metro 7.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE